



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PWOJÈ LWA POU PWOTEJE RIVYÈ HUDSON KONT DEMANTÈLMAN DLO IZE INDIAN POINT LAN

Lejislasyon (S.6893/A.7208) pral pwoteje rivyè Hudson nan mete restriksyon sou dechaj nan kad demantèlman santral elektrik nikleyè a

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.6893/A.7208) an lwa, ki gen entansyon pwoteje vitalite ekonomik Rejyon Rivyè Hudson lan lè li mete restriksyon sou dechaj nenpòt sibstans radyolojik nan Rivyè Hudson lan nan kad demantèlman yon santral nikleyè.

"Rivyè Hudson se youn nan trezò natirèl ki enpòtan nan New York, epi li enpòtan pou nou kanpe ansanm pou pwoteje li pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete angaje nan pwoteje vitalite ekonomik rejyon an epi travay sere ak kominote lokal yo ki te defann koz sa a ak anpil pasyon."

Lwa a vize pwoteje kominote yo nan rejyon Hudson Valley New York la. Administrasyon an pral kontinye travay sere ak regilatè federal yo, Holtec, ofisyèl lokal yo ak Komisyon Konsèy Sipèvizyon Demantèlman Eta a pou idantifye altènativ ki posib ak akseptab pou jete dlo ize pou demantèlman Indian Point lan kapab kontinye, travay yo ka konsève, epi sit la ka netwaye nan yon fason ki an sekirite, konplè epi rapid.

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul, paske w siyen pwojè lwa Save the Hudson lan epi pwoteje youn nan resous natirèl ki pi enpòtan nan peyi nou an. Lwa istorik ki enpòtan sa a anpeche yo lage dlo ize radyo-aktif nan rivyè a epi pwoteje vitalite ekonomik solid rejyon an. Mèsi tou ak anpil rezidan, defansè anviwònmanal ak kòlèg ki te goumen avèk nou avèk pasyon pou rive nan rezilta sa a. Pi gwo kantite travay di ak kolaborasyon, siyati pwojè lwa Save the Hudson (Sove Hudson) Gouvènè Hochul la se youn nan gwo viktwa anviwonmanal nan istwa eta a. Nou pare pou travay ak tout moun ki gen enterè yo pou jwenn solisyon altènatif pou defi sa a epi pou kontinye demantèlman alè epi san danje santral elektrik Indian Point yo."

Madanm asanble Dana Levenberg te deklare, "Siyati pwojè lwa sa a vini kòm yon bon nouvèl pou anpil moun nan distri mwen an ak odela. Jodi a mwen di Gouvènè Hochul ak biwo li a mèsi paske yo te byen konsidere lejislasyon sa a, ak kòlèg mwen yo nan nivo federal, eta ak lokal pou sipò yo. Mwen rekonesan anpil tou anvè defansè yo ki

te dedye plizyè èdtan ansanm ak nou lejislasyon yo k ap travay pou fè lwa sa a pase. Se konsa, anpil moun nan Hudson Valley te parèt nan batay sa a byen detèmine pou pwoteje rivyè ki defini rejyon nou an, epi nou pral kontinye travay ansanm nan ane k ap vini yo pou asire yon demantèlman an sekirite ak siksè nan Indian Point lan."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Vide 1 milyon galon dlo radyo-aktif nan yon rivyè ki gen yon basen ki abrite plis pase 8 milyon moun pa janm te yon opsyon. Enstalasyon polyan yo pa ta dwe otorize pou inyore konplètman vwa kominote nou yo epi enpoze plan eliminasyon dechè san konsantman yo. Mwen kontan paske Gouvènè Hochul ap pran mezi ki nesèsè pou pwoteje Nouyòkè yo lè li siyen A7208/S6893 pou entèdi santral nikleyè ki demantle yo jete dechè nan Rivyè Hudson lan. Nou dwe pran tout prekosyon nan sa ki gen pou wè ak pwoteje sante kominote nou yo epi nou dwe toujou mete demokrasi anvan komodite."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Pandan twò lontan, gwo kòporasyon yo jete fatra toksik yo nan Rivyè Hudson ak yon mank respè pou sekirite kominote nou yo - plan Holtec pou jete dechè radyo-aktif yo pa te diferan - sa fini kounye a. Lejislasyon sa a se yon gwo viktwa pou fanmi Hudson Valley yo ak pou tout moun ki leve vwa yo epi ki di avè m: sa se twòp atò. Mwen pral kontinye kenbe gwo kòporasyon yo responsab pou kominote Hudson Valley yo gen dlo pwòp nou merite a."

Manm Kongrè Michael Lawler te deklare, "Pandan uit mwa ki sot pase yo, mwen te tandè anpil elektè, òganizasyon anviwònmanal, ak ofisyèl lokal ki konsène yo sou plan pou dechaje dlo ize radyo-aktif nan Rivyè Hudson lan nan kad demantèlman Indian Point lan. Nou te travay sere ak yo pou ogmante konsyantizasyon epi chèche solisyon altènatif. Konsa, mwen kontan tandè ke Gouvènè Hochul ap siyen lejislasyon an lwa ki pral anpeche dechaj dlo ize radyo-aktif ki soti nan Indian Point nan Rivyè Hudson lan. Mwen pa ka tann pou Gouvènè a ap travay avèk ofisyèl federal, eta ak lokal yo, ansanm ak travayè òganize, aktivis anviwònmanal lokal yo, ak Holtec, pou detèmine yon bon solisyon ki an sekirite sou plan anviwònmanal ak fiskal pou elimine dlo ize sou plas. Pwoteje Rivyè Hudson ak kominote nou yo ki sèvi ak li ge yon enpòtans kapital — nou dwe travay ansanm pou jwenn yon solisyon vyab pou tout moun ki enplike."

Manm Kongrè Marc Molinaro, te deklare, "Mwen apresye patenarya Gouvènè a nan efò sa a pou anpeche yo jete dechè radyo-aktif yo nan Rivyè Hudson lan. Mwen te pase dè dekad ap goumen pou netwaye Hudson la. Nou pa kapab fè yon pa dèyè. Sa a se yon etap bon sans pou prezève trezò natirèl sa a."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte, te deklare, "Jodi a make yon gwo pwogrès nan pwoteje Rivyè Hudson majestyè nou an ak rejyon Hudson Valley a. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li nan siyen lejislasyon sa a, epi mwen remèsye Senatè Pete Harckham ak Manm Asanble Dana Levenberg paske yo entwodwi mezi enpòtan sa a. Jodi a, nou pran pozisyon epi pwoteje Rivyè Hudson kont domaj potansyèl pandan demantèlman Indian Point lan – priyorize byennèt anviwònmanal ak byennèt moun odela tout lòt konsiderasyon yo."

Sipèvizè Komin Cortlandt lan, Richard H. Becker, M.D. te deklare, "Nan non Komisyon Konsèy Vil la, ki reprezante tout Komin Cortlandt, ki se kominote òganizatè pou Indian Point lan, mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Eta a Peter Harckham, ak Manm Asanble Dana Levenberg paske yo te pase lwa ki entèdi dlo radyo-aktif nan Rivyè Hudson lan. Pifò rezidan nan Hudson Valley, ki gen ladan sèt kominote yo ki resevwa dlo potab yo nan Rivyè Hudson, te eksprime enkyetid yo konsènan dechaj izotòp radyo-aktif nan rivyè a. Malgre ke yo te agimante ke izotòp la ta dilye anpil epi ke izotòp la se yon sibstans radyo-aktif nan nivo ki ba, majorite rezidan yo kwè fòtman ke nenpòt ekspozisyon radyo-aktif twòp. Depi nan konmansman an, nou te kwè ke yon altènatif ki pi an sekirite egziste, epi ke li ta yon wont pou kontamine rivyè a ak dlo ki gen non sèlman izotòp men stronsyòm ak lòt pwodui chimik toksik yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Konsèy Sipèvizyon Demantèlman an, ansanm ak Holtec, otorite syantifik yo, ak patnè anviwònmanal nou yo pou jwenn yon altènatif ki pi an sekirite. Nou rekonesan ke lwa sa a pral pèmèt sa rive."

Diana Delaney, Teknolojis nan White Plains Hospital & Manm 1199SEIU te deklare, "Dechè nikleyè yo jete nan Rivyè Hudson lan se yon gwo enkyetid kòm yon rezidan Westchester pou plis pase 30 ane. Gouvènè Hochul ki siyen lejislasyon sa a epi kenbe dlo nou pwòp ak pwoteje se yon viktwa pou kominote nou an, anviwònman an ak pou lavni nou."

Ned Sullivan, Prezidan Scenic Hudson lan, te deklare, "Lejisasyon ki enpòtan anpil sa a pral anpeche Holtec International, konpayi ki responsab pou demantèlman Indian Point lan, pou li pa jete plis pase 1 milyon galon dlo ize radyo-aktif nan Rivyè Hudson lan. Pwojè lwa a voye yon mesaj enpòtan bay Nouyòk yo: Rivyè Hudson se sous pwosperite kolektif nou, se pa yon teren depotwa pou dechè endistriyèl. Moun Hudson Valley yo ofri pi gwo remèsiman yo anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip solid ak kontinyèl li nan pwoteje Rivyè Hudson lan ak anpil kominote ki konte sou li pou sante, rekreyasyon, ak pwosperite ekonomik yo. Nou rekonesan epi bat bravo toupou sipòtè pwojè lwa yo, Manm Asanble Levenberg, Senatè Harckham, ak kòlèg yo, ansanm ak Riverkeeper pou defans devwe ak trè efikas li."

Vanessa Fajans-Turner, Direktè Egzekitif Environmental Advocates NY, te deklare, "Nan non Environmental Advocates NY ak yon pakèt kominote ki apesye Rivyè Hudson epi ki konte sou li, mwen eksprime rekonesans nou anvè Gouvènè Hochul. Nan koute vwa kolektif Nouyòk yo, li te defann sante ak eritaj dirab rivyè sa a ak estil lavi dinamik ak ekonomi li sipòtè atravè Hudson Valley. Siyati lejislasyon 'Save the Hudson' lan sèvi non sèlman kòm yon rezistans kont dechaj radyo-aktif prejidis, men tou kòm yon pano endikatè, ki montre yon avni ki pi briyan, pi pwòp epi ki pi dirab pou rezidan New York yo ak vwa navigab enpòtan yo, yon sèl rivyè alafwa."

Prezidan Riverkeeper, Tracy Brown, te deklare, "Riverkeeper remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi paske li te pran mezi nan non plizyè santèn milye Nouyòkè ki te mande li pou l siyen lejislasyon bilateral ki sispann dechaj dlo ize radyo-aktif nan Indian Point lan. Sa voye yon siyal klè ke eta New York devwe pou anpeche Holtec sèvi ak Rivyè Hudson lan kòm yon depotwa pou dechè radyo-aktif. Nou remèsye tou Manm

Asanble Dana Levenberg ak Prezidan Konsèvasyon Anviwònmantal Sena a, Pete Harckham, pou efò enfatigab yo pou garanti vikwa sa a; patnè kowalisyon nou yo ki te enfliyan nan devlopman ak pasaj pwojè lwa a; ak manm kominote konsène yo ki te fè tandè vwa yo."

Direktè rejyon Nòdès nan Food & Water Watch, Alex Beauchamp, te deklare,

"Gouvènè Hochul ap voye yon siyal fò bay antrepriz polyan yo - dechè endistriyèl pa gen plas li nan dlo nou an. Pwojè lwa Save the Hudson lan pral asire ke Rivyè Hudson pa trete ankò kòm yon teren depotwa toksik, sa kap priorize sante piblik ak anviwònmantal pa rapò ak opòtinite antrepriz yo. Plan Holtec pou jete dlo radyo-aktif nan Rivyè Hudson lan te danjere depi nan kòmansman an, epi Nouyòkè ki soti toupatou nan eta a te byen vit òganize opozisyon solid. Jodi a, nou selebre pouvwa kominote nou yo sou antrepriz yo, epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kenbe rivyè nou an an sekirite."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)